

WE ARE YOUR DOL



Department  
of Labor

## EVITE PWOBLÈM AK REKLAMASYON ASIRANS CHOMAJ OU

Ki sa w ka fè pou w resevwa bon pèman lajan pou  
Asirans Chomaj (UI) yo epi resevwa yo atan.

### SE POU W ONÈT

Lè w fè espere w kenbe enfòmasyon oswa w bay enfòmasyon pou twonpe moun, ki pa kòrèk nan yon reklamasyon pou w resevwa asirans chomaj, sa rele magouy, e lalwa bay sanksyon pou sa. Asire w ou byen verifye tout enfòmasyon w bay yo kòrèk, lè w ap fè yon reklamasyon lajan asirans chomaj (UI).

#### ✓ ENŠKRI ANTANKE YON MOUN K AP CHÈCHE TRAVAY

Ou ka depoze yon dosye nan Ministè Travay Eta Nouyòk (NYSDOL) pou w jwenn lajan Asirans Chomaj la. Fason k pi fasil pou w aplike a se sou entènèt sou [unemployment.labor.ny.gov](https://unemployment.labor.ny.gov). Chak reklamasyon espesyal e NYSDOL dwe analize l pou yo decide si moun nan kalifye. Annatandan, NYSDOL ofri sèvis pou ede w chèche travay ki la pou ede w retounen travay kou sa posib.

#### ✓ KONTINYE CHÈCHE TRAVAY

Ou dwe fè omwen twa rechèch travay chak semèn w ap depoze yon reklamasyon pou w resevwa lajan. Asire w ou kenbe yon dosye ki gen rechèch travay ou fè yo, paske nou ka chwazi reklamasyon w lan pou nou fè yon verifikasyon.

#### ✓ PA REFIZE TRAVAY KI KORESPONN AK KONPETANS OU

Si w refize yon travay ki koresponn ak konpetans sou sa ka fè nou pa ba w lajan oswa ka gen reta nan pwosesis la.

Ale sou sit entènèt nou an ki se [dol.ny.gov/unemployment](https://dol.ny.gov/unemployment) si w gen plis kesyon anrapò ak reklamasyon w lan.

#### ✓ RAPÒTE TOUT TRAVAY

Ou dwe rapòte tout lè ou te travay pou chak semèn w ap fè reklamasyon lajan asirans chomaj la, kit se travay a tan pasyèl oswa travay tanporè.

#### ✓ LI ENFÒMASYON YO NOU BAY YO

Konnen epi respekte règleman Asirans Chomaj Eta Nouyòk la lè w ap depoze yon reklamasyon pou lajan asirans chomaj, se responsabite w. Pou w evite erè ki ka lakòz nou peye w plis pase sa w ta dwe resevwa, ou dwe pran san w pou w li dokiman nou voye ba ou yo epi voye sa n mande w yo ale.



Gade Gid Ki Bay Esplikasyon Sou Fason Nou  
Trete Reklamasyon Pou Asirans Chomaj yo